

# SANTE BOUCH POU FANMI KI NAN HEAD START



# DAN LÈT ENPÒTAN ANPIL !

## Dan lèt :

- ✓ Ede pitit ou moulen manje ki sen.
- ✓ Kenbe plas la pou dan pèmanan yo.



## Dan lèt :

- ✓ Ede pitit ou byen pale klè.
- ✓ Ede pitit ou ri ak anpil konfidans.

# **DAN LÈT ENPÒTAN ANPIL !**

**Se pou w pran swen dan lèt ptit ou pou dan pèmanan ptit ou ka sen tou apresa !**

**Dan lèt :**

- ✓ Ede ptit ou moulen manje ki sen.
- ✓ Kenbe plas la pou dan pèmanan yo.
- ✓ Ede ptit ou byen pale klè.
- ✓ Ede ptit ou ri ak anpil konfidans.

# KISA KARI YE ?

Jèm



+

Sik




=

Asid



- ✓ 1 timoun nan chak 4 timoun ki nan Head Start gen kari dan.
- ✓ Ou ka anpeche kari dan yo kòmanse epi vin pi mal !



# KISA KARI YE ?

- ✓ Jèm ki nan bouch nou fè asid lè yo kontre ak sik ke nou manje.
- ✓ Se asid la ki manje enamèl dan yo – sa ki kouvri dan yo – pou yo fè yon twou oubyen yon kari.

**Bon nouvèl la se ke nou ka anpeche kari yo !**

# DAN LÈT KA GEN KARI TOU



Tach blan pi blan pase rès dan an.



Tach blan ka tounen kari.

# DAN LÈT KA GEN KARI TOU

## Tach blan :

- ✓ Yo pi blan pase rès dan an e se tou pre jansiv ptit la yo parèt pi plis.
- ✓ Se premye siy gen yo kari kap kòmanse sou dan an.
- ✓ Depi w wè tach blan sou dan ptit ou se pou w mennen ptit la kay dantis – poutèt yon tretman fliyò ka anpeche kari a kòmanse !
- ✓ Yo ka tounen kari si yo pa syiv tretman.

# **LEVE PO BOUCH**



Tcheke dan ptit ou chak  
mwa pou wè si yo gen  
tach blan.

# **LEVE PO BOUCH**

- ✓ Leve po bouch ptit ou chak mwa pou **WÈ** si yo gen tach blan.
- ✓ Se pou w mennen ptit ou a kay dantis depi w wè tach blan sou dan li.

# ENFEKSYON



# ENFEKSYON

Pou ptit ou gen lasante, pa blye pou ptit ou gen konsiltasyon regilyèman kay doktè **EPI** kay dantis. Kari se **MALADI** e yo bezwen tretman. Timoun ka pa janm di w si yo gen doulè andedan bouch yo. Si dantis pa swenyen kari yo, yo ka bay gwo enfeksyon.

# BAY PITIT OU YON HEAD START KI SEN

- ✓ Se pou w ale kay dantis si w gwovant.
- ✓ Pa gen danje pou fè egzamen dan ak plonbe dan pandan ou gwovant.
- ✓ Bwose dan epi pase fil dantè chak jou.



# **BAY PITIT OU YON HEAD START KI SEN**

Fi ki gwovant epi ki gen dantis dwe kontinye ak swen nòmal kay dantis la. Tout lòt fi dwe wè ak yon dantis anvan yo kòmanse dezyèm trimès gwovant lan pou garanti yo pa gen grenn kari kap bay yo enfeksyon.

Chanjman nan kò w lè w gwovant fè jansiv yo metri, gwo epi wouj si w pa bwose dan w epi pase fil dantè toulejou.

- ✓ Si w paka bwose dan w poutèt ou pa santi byen, se pou w rense bouch ou ak dlo oubyen ak likid pou rense bouch ki gen fliyò landan li.
- ✓ Si w vomi, se pou w rense bouch ou ak dlo.

# APRE TIBEBE A FÈT



Wap gen mwens jèm nan bouch  
ou lè w netwaye bouch ou epi lè  
resevwa swenyaj pou dan.

# **APRE TIBEBE A FÈT**

**Wap gen mwens jèm nan bouch ou lè w netwaye bouch ou epi lè resevwa swenyaj pou dan. Se pou w kontinye wè ak dantis pou swenyaj nòmal pou dan.**

# KENBE DAN OU YO SEN !



Pitit ou ap vle fè tankou w  
pou l bwòse dan l tou !

- ✓ Bwose dan w defwa chak  
jou ak yon bwòs mou.

# **KENBE DAN OU YO SEN !**

**Timoun aprann fè tout sa adilt nan fanmi yo fè e se konsa yap fè menm bagay ou fè oumenm.**

**Pou pitit ou ak oumenm gen lasante, se pou adilt yo :**

- ✓ Bwose dan w defwa toulejou ak yon bwòs mou.
- ✓ Pase fil dantè toulejou.

# **KENBE DAN PITIT OU YO SEN !**

- ✓ Kòmanse bwose depi premye dan an parèt.
- ✓ Kanpe oubyen chita dèyè pitit ou.



# **KENBE DAN PITIT OU YO SEN !**

- ✓ Kòmanse bwose depi premye dan an parèt.
- ✓ Kanpe oubyen chita dèyè pitit ou epi bwose dan li yo pandan de minit, se yon bagay pou w fè defwa toulejou. Sèvi ak yon kwonomèt oubyen chante yon chante pou bwose dan ka pi enteresan !

# **SE POU TIMOUN BWOSE DAN YO**


- ✓ Bwose dan ptit ou  
jistan yo gen laj 8 an.



# **SE POU TIMOUN BWOSE DAN YO**

Jèn timoun pa ka bwose dan yo poukont yo. Bwose dan pitit ou jis nan laj 8 an pou wete jèm ak sik ki lakòz kari.


# BWOSE DAN PITIT OU YO



- ✓ Pat dantifris ki gen fliyò.
- ✓ Bwòsadan ki mou.

***Krache – pa rense !***

Ti tak pat dantifris : Timoun ki poko gen laj 2 an



**Pat dantifris gwosè yon ti pwa :**  
**Timoun ki gran pase laj 2 an**

# BWOSE DAN PITIT OU YO

- ✓ Sèvi ak bwòsadan ki gen bwòs **MOU**.
- ✓ Fliyò pwoteje dan pou yo pa gen kari. Wap jwenn li nan pat dantifris epi nan dlo wobinèt.
- ✓ Pou timoun ki pokò gen laj 2 an se pou w mete yon « ti tak » pat dantifris ki gen fliyò.
- ✓ Pou timoun ki gen plis pase laj 2 an se pou w mete pat dantifris ki gen fliyò « gwosè yon ti pwa ».
- ✓ Mande pitit ou KRACHE tout pat dantifris la, e se **pa** pou li rense ak dlo poutèt fliyò ki nan pat dantifris la ap kontinye pwoteje dan li yo pou anpeche yo gen kari.
- ✓ Doktè oubyen dantis pitit ou ka ba w yon preskripsyon tou pou fliyò oubyen pou tretman fliyò.
- ✓ Sonje pou kenbe pat dantifris, fliyò ak tout medikaman kote timoun pap jwenn yo !

# PA PATAJE BWOSADAN !

**Epi pa sèvi ak okenn bagay  
lòt moun mete nan bouch yo.**



# **PA PATAJE BWOSADAN !**

Jèm ki lakòz kari ka **pwopaje** nan bouch tout moun nan fanmi a.

Pou diminye chans pou w gaye jèm nan fanmi w :

- ✓ Pa pataje bwòsadan.
- ✓ Pa pataje okenn bagay ak pitit ou si w te mete yo andedan bouch ou.

# **LI LÈ POU GEN YON LÒT BWÒSADAN !**

**Bwòs ki koube oubyen kase.**



# **LI LÈ POU GEN YON LÒT BWÒSADAN !**


**Se pou w ranplase bwòsadan an lè bwòs la koube oubyen domaje.**

# BIBWON AK TAS



✓ Kenbe ptit ou lè wap ba li  
bibwon fòmila ak bibwon ki  
gen lèt tete ladan li.

✓ Kòmanse sèvi ak yon tas lè ptit  
ou gen laj 6-9 mwa.



# BIBWON AK TAS

## Bibwon

- ✓ Kenbe pitit ou lè wap ba li bibwon.
- ✓ Sèl bagay pou mete nan bibwon an se fòmila oubyen lèt tete.
- ✓ Pa bay pitit ou bibwon lè I kouche nan kabann.

## Tas

- ✓ Kòmanse sèvi ak yon tas lè pitit ou gen laj 6-9 mwa.
- ✓ Pa kite pitit ou mache nan kay la ak yon bibwon oubyen ak « sippy cup ».
- ✓ Sèlman ofri pitit ou lèt ak dlo ant lè repa yo.


# KONSEY POU GOUTE

## SEN

### Chwa pou goute

- ✓ Fwomaj
- ✓ Krakè
- ✓ Fri fre
- ✓ Legim
- ✓ Cheerios nòmal
- ✓ Pretzèl
- ✓ Goute ki san sik

- ✓ Pa ba li twòp manje ak likid ki dous.
- ✓ Pa ba li plis pase 4 oz ji fri ak repa.



# KONSEY POU GOUTE

- ✓ Sa w manje reyaji sou sante w anjeneral, men pa sèlman sou sante dan w ak jansiv ou yo.
- ✓ Manje ak likid dous pa bon pou dan e se pou pran ti kantite manje ak likid sa yo ak repa.
- ✓ Manje ki kole epi ki kole tankou sirèt ak fri epi rezen chèch kole sou dan ki vle di sik la rete lontan sou dan ptit ou.
- ✓ Sèvi fwomaj. Fwomaj fè krache sikile andedan bouch ou, e krache a ede lave ti moso manje ki kole sou dan yo.
- ✓ Sèvi fri ak legim. Jèn timoun renmen ti moso manje ki piti.
- ✓ Pa ba li plis pase 4 oz ji fri ak repa.
- ✓ Ankouraje ptit ou bwè dlo ki gen fliyò ladan li oubyen lèt blan ant repa yo.

# MEDIKAMAN



Depi ptit ou ap pran medikaman, se pou ptit ou bwose dan yo oubyen bwè dlo apre ke li pran medikaman an.



# MEDIKAMAN

Medikaman timoun dous anpil pou medikaman an ka gen pi bon gou. Gen kèk medikaman ki fè timoun yo gen mwens saliv nan bouch yo e ki ede pwoteje dan yo. Depi pitit ou ap pran medikaman, se pou pitit ou bwose dan yo oubyen bwè dlo apre ke li pran medikaman an.

# PREMYE KONSILTASYON KAY DANTIS LÈ TIMOUN LAN GEN LAJ 1 AN



Yon dantis ap ede nan  
swenyaj dan ptit ou !

# **PREMYE KONSILTASYON KAY DANTIS LÈ TIMOUN LAN GEN LAJ 1 AN**

- ✓ Doktè a ka tcheke dan ptit ou a nan konsiltasyon Well-Baby, men se pou ptit ou al kay dantis tou – li obligatwa nan Head Start !
- ✓ Mennen ptit ou wè yon dantis anvan premye anivèsè li a.
- ✓ Si w bezwen èd pou w jwenn yon dantis se pou w pale ak pwogram Head Start la !

# BAY PITIT OU DAN SEN POU TOUT LAVI L !



- ✓ Kòmanse bwose dan bonè – depi dan yo kòmanse soti !  
Ede bwose dan pitit ou jistan li gen laj 8 an.
- ✓ Tcheke pou tach blan omwen yon fwa toulemwa.
- ✓ Sèvi ak yon **ti** kantite pat dantifris ki gen fliyò.  
**KRACHE** tout pat dantifris la epi pa rense.
- ✓ Manje goute ki sen : pa ba li twòp manje ak likid ki dous/gen sik. Pi plis ou manje manje ki dous pi plis wap gen chans pou w gen kari.
- ✓ Pran yon konsiltasyon kay dantis pou pitit ou pou premye anivèsè li.
- ✓ Bon abitid manje depi pitit ou a piti ap ede li gen dan sen pou tout lavi !



# REMÈSIMAN

*Se Massachusetts Head Start Association ki fè Gid bon sante bouch la ak yon finansman DentaQuest Foundation epi ak soutyen biwo sante bouch, Depatman sante piblik nan Massachusetts, Akademi amerikèn swenyaj dan pedyatri ak Fondasyon sèvis swen dan nan Washington.*

*Yon gwo remèsiman pou Joanna Douglass BDS, DDS.*



MASSACHUSETTS  
HEAD START ASSOCIATION

DentaQuest<sup>®</sup>  
FOUNDATION

# LEGAL/COPYRIGHT

*This Family Oral Health Guide is intended to provide the public with general information about dental care. It is intended only as a general summary and is not intended to provide specific medical or dental advice.*

*We encourage reproduction of the Guide for non-commercial personal or educational use. In the event of such use, all copyright and other notices and clear attribution to the Massachusetts Head Start Association must be maintained. All other uses, such as reprinting, republishing, reposting or any further redistribution including use of the text and images, require written permission from the Massachusetts Head Start Association. To download the Guide, contact the Massachusetts Head Start Association through our website at [info@massheadstart.org](mailto:info@massheadstart.org).*

*This Guide may appear on a variety of websites, including government agencies and other nonprofit organizations. The Massachusetts Head Start Association has not reviewed all of the web sites which might be linked to this Guide and is not responsible for the contents of any sites which might provide access to it. The inclusion of a link to this Guide does not constitute an endorsement or recommendation of the resources or information, products, or services contained on those sites.*

*The Massachusetts Head Start Association makes no warranties, express or implied, regarding errors or omissions and assumes no legal liability for loss or damage resulting from the use of the Guide.*